



# 5 FASON POU W TIRE PI BON AVANTAJ DE KOUVÈTI SANTE OU A

Kòm ou gen yon kouvèri sante kounye a, men sa w ka fè pou w bay sante w priyorite epi viv lontan ak an bòn sante.

1



## KONFIME KOUVÈTI OU A

- ✓ Kontakte plan sante w la ak/oswa biwo Medicaid eta w la pou asire w enskripsyon w lan konplè.
- ✓ Peye prim ou an si w gen youn, pou w ka benefisye de kouvèti sante w la lè w bezwen.

2



## KONNEN KIBÒ POU W ALE POU W JWENN SWEN

- ✓ Kontakte plan sante w la pou w konnen ki sèvis ki kouvri ak konbyen frè w yo ye.
- ✓ *Li Fèy Machaswiv Pou Pi Bon Swen* an pou w ka konnen tèm kle asirans maladi yo, tankou ko-asirans ak dediktib.

3



## JWENN YON FOUNISÈ

- ✓ Jwenn yon founisè swen primè ki aksepte kouvèti w la. Pa bliye ou riske peye plis kòb si w al wè yon founisè ki pa nan rezon a.

4



## PRAN YON RANDEVOU

- ✓ Konfime ke founisè w la aksepte kouvèti w la.
- ✓ Di yo non founisè ou vle wè a ak pou ki rezon ou vle pran yon randevou.

5



## ETAP PANDAN AK APRE RANDEVOU W LA

- ✓ Poze kesyon sou enkyetid ou yo ak sou kisa w ka fè pou w ret an sante.
- ✓ Egzekite tout preskripsyon ou gen bezwen yo.
- ✓ Kèk medikaman vann pi chè pase lòt. Mande davans konbyen preskripsyon w lan ap koute ak si gen yon opsyon ki pi abòdab.



[go.cms.gov/c2c](https://go.cms.gov/c2c)

Dat Revizyon an: Avril 2023 Piblikasyon #11968-HC

